

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Nilik kana pungsina, basa téh mangrupa pakakas pikeun komunikasi. Ku ayana basa, manusa bisa ngayakeun interaksi jeung manusa séjénna. Tegesna, basa téh digunakeun pikeun nepikeun eusi pikiran, ide-ide, rasa, kahayang, jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian. Ari basa téh nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénisional) antara anggota masarakat pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2003:1).

Mun dipatalikeun jeung adegan basa, basa minangka pakakas pikeun komunikasi téh diwangun ku dua lapisan, nya éta lapisan lahir (wangun) jeung lapisan batin (eusi). Wacana mangrupa wangun basa pangjembarna ditilik tina adeganana, diwangun ku dua lapisan, nya éta lapisan wangun (lahir) nu disebut *kohési* jeung lapisan eusi nu disebut *kohérensi*, nu pakait tur silih lengkepan minangka hiji sistem, nu mana dalitna kohérensi jeung kompakna kohési ieu téh perlu dititénan.

Jadi, padungdengan ngeunaan wacana moal leupas tina padungdengan ngeunaan kohési. Dina wacana, kohési mangrupa wangun nu sambung sinambung antara kalimah-kalimah nu ngawangun gemlengna hiji wacana (hubungan antar kalimah dina hiji wacana) nu nekenkeun kana aspek folmal basa, sarta kaasup kana organisasi sintaksis. Kohési ieu téh kabagi jadi dua rupa, nya éta kohési

léksikal jeung kohési gramatikal (Halliday&Hasan, 1976 dina Sabariyanto, Dirgo, spk, 1998:4).

Kohési léksikal nya éta kohési nu kapanggih ku cara milih kandaga kecap kalawan merenah, hubungan antara bagéan-bagéan wacana bisa ditandeskeun ku pakuat pakaitna unsur-unsur léksikal dina bagéan éta, nu ngawengku: sinonim, antonim, hiponim, kolokasi, repetisi, jeung ékuivalénsi. Ari kohési gramatikal nya éta kohési nu kapanggih ku cara nepungkeun unsur-unsur tata basa, nu ngawengku: pronomina, substitusi, ellipsis. Paralélisme, jeung konjungsi (Sudaryat, 2005:98).

Ku sabab wacana téh mangrupa unit gramatikal nu pangluhurna, jadi dina wacana téh aya konsép, gagasan, pikiran, ide nu lengkep nu bisa dipaham kalawan teu nimbulkeun mang-mang pikeun nu maca jeung nu ngadéngékeunana. Ku kituna, wacana téh kudu disusun kalawan kohésif. Hiji wacana bisa disebutkeun kohésif, lamun aya tatali antara unsur nu hiji jeung unsur nu séjénna dina wacana éta salaras, nepi ka kacipta hiji wangenan nu apik jeung kohéren. Kaasup dina wacana karya sastra.

Iskandarwassid (2003:138) nétélakeun yén karya sastra téh nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunaken parabot nu mangrupa basa. Minangka karya seni, warnaning karya seni karya sastra téh diciptakeun salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Ku lantaran alatna basa, nya nu diolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis nu dipimilik ku basa pikeun nimbulkeun kasugemaan rasa émosional, batiniah, warna éfék basa (alat, cangkang, jeung eusi).

Dumasar kana pamadegan di luhur, tétéla yén usaha karya sastra téh pikeun ngolah kaéndahan anu kapimilik ku basa. Kaéndahan dina sastra bisa ngahudangkeun rasa. Hal ieu patalina jeung cangkang basa sarta eusi basa dina éta karya sastra. Ku kituna, milih kecap-kecap nu merenah dina karyana diperlukeun pisan pikeun nepikeun maksud eusi hiji karya sastra.

Kohési léksikal mangrupa salasahiji wujud tina kaéndahan basa, pangarang ngamangfaatkeun kohési léksikal pikeun ngamamanis karya sastra sarta pikeun nepikeun amanat nu hayang ditepikeun ngaliwatan hubungan atawa runtusan kalimah-kalimah nu sambung sinambung geusan ngawangun hiji omongan nu mangrupa hal/amanat nu hayang ditepikeun ku pangarang, ku cara milih kandaga kecap anu merenah dina nulis hiji karya sastra nepi ka amanat nu dipimaksud ku pangarang bisa kacangkem ku nu maca. Pamaca bisa narima, nyangkem jeung nangkep maksud hiji karya sastra tina kecap-kecap nu dipaké dina éta karya sastra. Ku sabab kitu, kaparigelan pangarang dina milih kandaga kecap nu merenah dina karyana diperlukeun pisan pikeun nepikeun maksud eusi atawa amanat hiji karya sastra.

Panalungtikan hiji karya sastra dina waktu kiwari loba ditujukeun kana struktur caritana, saperti: téma, alur, tokoh, latar, puseur implengan, jeung amanat. Ari panalungtikan ngeunaan kohési léksikal can aya, padahal kohési léksikal mangrupa unsur penting pisan, lantaran parigelna pangarang dina milih kandaga kecap nu merenah tur ngéntép seureuh nangtukeun pisan dina nyiptakeun hiji omongan, nepi ka maksud nu hayang ditepikeun ku pangarang téh bisa ditepikeun kalawan bener. Aya ogé Herni Apriani (1999) *nganalisis Kakohésifan jeung*

Kakohérenan dina Karangan Arguméntasi Mahasiswa Jurusan Bahasa Daerah Entragan 1998/1999. Terus Sabarianto, spk (1998) nalungtik *Kohési jeung Kohérensi dina Wacana Naratif Basa Jawa.* Terus Sudaryat (2003) medar kohési léksikal dina Basa Sunda anu karyana dijudulan *Ulikan Wacana Basa Sunda.* Tarigan (1993) medar kohési léksikal dina Basa Indonesia anu karyana dijudulan *Pangajaran Wacana.* Disatukangeun éta, panalungtikan ngeunaan basa geus loba dilakukeun nu ngawengku sakabéh unit basa, ngawengku: sora, marfém, kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Tina unit-unit éta, unit wacana can loba ditalungtik. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun, mangka panalungtikan ieu baris dijudulan *Kohési Léksikal Dina Novél Maju Jurang Mundur Jungkrang Karangan Ki Umbara.*

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Ulikan ngeunaan kohési téh kabagi jadi dua bagian, nya éta kohési léksikal jeung kohési gramatikal. Kohési léksikal ngawengku sinonimi, antonimi, hiponimi, kolokasi, repetisi, jeung ékuivalénsi. Ari kohési gramatikal ngawengku pronomina, substitusi, élipsis, pararéisme, jeung konjungsi.

Dumasar kana pedaran tadi, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan ngan medar ngeunaan kohési léksikal nu aya dina wacana, ngawengku wandana, wujudna, jeung tatali semantisnya dina novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang karangan Ki Umbara.*

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha anu kudu ditalungtik. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap ieu:

- 1) kohési léksikal naon waé anu aya dina novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara?
- 2) kumaha wanda kohési léksikal dina éta novél?
- 3) kumaha wujud kohési léksikal dina éta novél?
- 4) kumaha tatali semantis kohési léksikal dina éta novél?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang panalungtikan katut rumusan masalah anu geus dipedar di luhur, tujuan ieu panalungtikan téh nya éta hayang ngadéskripsikeun:

- 1) kohési léksikal anu kapanggih dina novél *Maju Jurang Mundur jungkrang* karangan Ki Umbara;
- 2) wanda kohési léksikal dina éta novél;
- 3) wujud kohési léksikal dina éta novél; jeung
- 4) tatali semantis kohési léksikal dina éta novél.

1.4. Mangfaat Panalungtikan

1.4.1. Mangfaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kohési, hususna ngeunaan kohési léksikal.

1.4.2. Mangfaat Praktis

Hasil panalungtikan téh dipiharep bisa ngadatangkeun mangfaat anu kacida gedéna boh keur panalungtik sorangan, boh keur nu maca umumna. Salain ti éta dipiharep panalungtikan ieu aya mangfaatna pikeun hal-hal anu leuwih jembar, nya éta:

- 1) mekarkeun Basa Sunda sangkan leuwih hirup jeung maju;
- 2) jadi dokumén pikeun ulikan Basa Sunda satuluyna;
- 3) pangeuyeub-ngeuyeub kana sumber data Basa Sunda; jeung
- 4) bisa jadi acuan dasar pikeun pangajaran di sakola-sakola.

1.5. Anggapan Dasar

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) kohési mangrupa salah sahiji aspek basa anu raket patalina jeung wacana;
- 2) kohési bisa kapanggih dina rupa-rupa wacana, boh lisan boh tulisan;
- 3) novél mangrupa salah sahiji tina wacana anu winangun tulisan. Ku kituna kohési bisa kapanggih tina novél, kaasup dina novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara; jeung
- 4) kohési miboga wanda, wujud jeung tatali semantis nu béda-béda.

1.6. Métode jeung Téhnik Panalungtikan

1.6.1. Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan kacida nangtukeunana dina ngumpulkeun data, nu bakal méré pituduh dina ngalaksanakeun panalungtikan. Prosédurna: data anu kumaha waé nu kudu dikumpulkeun, alat naon baé jeung nu kumaha nu kudu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, sakumaha lobana data anu diperlukeun, nyusun papasingan, jeung kumaha éta data téh dipadungdengkeun

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif, nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan nu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, jeung nafsirkeun data.

Alesan ngagunakeun métode déskriptif, lantaran luyu jeung tujuan nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan, nya éta hayang ngadéskripsikeyun ngeunaan kohési léksikal nu aya dina Novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara.

1.6.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokuméntasi atawa analisis téks. Hal ieu dilantarankeun data panalungtikan téh mangrupa data anu tinulis, nya éta Novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara.

Hal di luhur dumasar kana pamadegan Arikunto (98:207) nu nétélakeun yén téhnik dokuméntasi téh nya éta panalungtikan anu datana tinulis, umpamana waé catétan, transkip, buku, jeung sajabana.

1.7. Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungikan nya éta sakabéh kohési léksikal dina Novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara.

